

TEACHINGS ON THE MOUNTAIN. Charitable deeds.

Matayo: 6:1-15, 19-21

Lesson 12.

Memory verse: *"But seek first the kingdom of God and his righteousness, and all these things shall be added to you. Mat. 6:33*

INYIGISHO ZO KUMUSOZI. Ibikorwa vyiza no kubika ubutunzi mw'ijuru.

Icirwa ca 12.

Matayo 6:1-15, 19-21

Ijambo ngenderwako: *"Mubanze murondere ubwami bw'Imana n'ukugororoka kwayo, ni ho ivyo vyose muzovyongerwa" Mat. 6:33*

I. Intangamarara

Umwami Yesu n'abigishwa biwe baduga umusozi, atangura kubigisha ahereye mu kubereka ko igihe cose ukora ciza ugaca utangura kwihayagiza, ico ari ikimenyetso c'uburyarya buba mu muntu. Ibi bisa no kubwira abantu ko uri umuhinga mu gusenga no kwisonjeshya. Woshobora kwihayagiza ko ufise ingabire zikaze canke uzi kuvuga ubutumwa gusumba abandi. Aha uba wibagiye ko vyose wabihawe k'ubuntu atari ubugororotsi usumbije abandi.

Yesu abigisha ibijanye n'ubutunzi abantu babona nk'imana zabo. **Kolos. 3:2**
« *Mushire imitima kuvyo mw'ijuru, ntimuyishire kubiri mw'isi.* »

Yesu mu biganiriro vyawe n'umugore kw'irba yavuze ati:« *ighe kija kuza, si kuri uyu musozi canke I Yerusalemu muzosengera Data..... Imana ni Impwemu, kandi abayisenga bakwiye kuyisengera mu Mpwemu no mukuri.*» igikorwa cose muvuye ukwizera Yesu, gikwiye gukorwa mu buryo bwa Mpwemu Yero.

II. Kuvuza inzamba kubera iciza ukoze

Muri iki gihe baravuye inzamba igihe cose bagomba gukoranira kw'isinagoge gusenga. Hari abatunzi bama bashakira kwemerwa n'abakuru b'idini, igihe baba bafashije umukene ikintu. Bakora ibishoboka kigira abantu benshi bamumenye ko ari umuntu mwiza. Yesu yavuze ko iyi myifato ari uburyarya bukomeye.

Yesu yigisha ko mu gihe uhisemwo gukorera iciza umuntu canke m'urusengeru ; ni vyiza ariko, mu gihe bishoboka, ubikore mw'ibanga ryawe n'uwo ubikoreye bitarinze kumenywa n'abandi bitaraba. Igihe ukora iciza, usabwa kwizera ko ico ukoze ari kugira ugishimirwe n'Imana bitarinze kumenywa n'abandi bitaraba.

Igihe cose uzobona ko uriko ukora igikorwa cose ngo ushimwe n’abantu, impera yawe ni uko gushimwa n’abantu nyene ntuba ucitega kuzobihemberwa mw’ijuru.

III. Kubika ubutunzi mw’ijuru

Inzu z’abanyepalisitina bo muri ico gihe zari zubatswe n’ibiganogano. Abantu babika amahera yabo muri ayo mazu aho bashobora kwimba akanogo bakayabikamwo. Abatunzi barayarundanya akaba menshi. Vyari vyoroshe ko umusuma abitobora akinjira kwimba akayatwara. Bitayivye naho, yarashobora kubungwa kubera iryo vu bayashizeko. Baca batahira umuruho.

Nk’impanuro z’umuvyeyi mwiza Yesu Kristo, arababwira ati: *“Mwirundanirize ubutunzi mw’ijuru, ahatari inyenzi n’ingese hatari n’ibisuma vyimba ngo vyibe.”*

Abantu barakora cane kugira bashikire ubutunzi niba vyoshoboka. Haraboneka ibintu bitatu bihombesha ubu butunzi bw’isi: Inyenzi; Inyenge n’ibisuma. Ibinavyo ni ibiriho munsu y’izuba: Ingwara, Ibiza, Intambara, impfu... kimwe muri ibi kishobora gukukumba ivyo umuntu yaruhiye imyaka myinshi agasigara yifumbereje. Umusiguzi ati: *“Mbega umuntu yunguka iki mu buruhe bwiwe bwose aruhira munsu y’izuba?”* **Umusig. 1:3**; yongera ati: *“Namaze kubona ibikorwa vyose bikorerwa munsu y’izuba nasanze vyose ari ubusa, ari guhahamira umuyaga.”* **Umusig. 1:14.**

Ni vyiza gukoresha amaboko ukiri mw’isi kugira ushobore kuronka ivyo kurya, kwambara n’aho kuba ariko ibi vyose ukabikora utirengagije kubitse bimwe muvuyo uronka muri konte yawe iri mw’ijuru.

IV. Gushira mu ngiro

Igihe uwamaze kwakirwa n’umuco, akakira ingabire y’agakiza, ntibikwiye ko wokorera ikintu uwundi kugira agushimagize. Biradusaba kubika ubutunzi bwacu mw’ijuru kuko bizogaruka bikatubera imyambaro n’igitsibo mu bwami kwa Data. Wobanza kwitaho ubwami bw’Imana no kugororoka kwabwo, ibisigye imana izobikongera k’ubuntu.

Woshobora kuba waragize aho uhushanya n’inyigisho za Yesu Kristo, wohaguruka ukamusaba ikigongwe ubu nyene kandi araguharira.

WHO IS GOD?

Mat. 6:9-15

Lesson 38

Memory verse: *"The fool has said in his heart, there is no God."* Psalm 14 :1

IMANA IMEZE GUTE?

Mat. 6:9-15

Icirwa ca 38

Umurongo ngenderwako: *"Igipfu cibwira mu mutima kiti nta Mana iriho"*

Zab. 14:1.

I. INTANGAMARARA.

Umwami Yesu ashima kwigisha abigishwa biwe ingene bakwiye guhora basenga. Iri sengesho ryerekeza ku Mana Data. Twashimye kuvuga muri make uko Imana tumaze kuyimenya.

- Idini ryaba Hindu rifise imana nyinshi. Basenga inka, inzuzi, urutare n'ibindi bigirwamana vyinshi.
 - Idini ry'ababudiste ntibizera Imana. Bizera ko hari urukurikirane rw'intambwe indwi rushikana umuntu mukibanza citwa Nirvana. Mbega Nirvana n'iki? N'ikibanza ah' ushobora gucika "ubusa". Igihe ucitse "ubusa" niho honyene ushobora kugira amahoro. Utabishoboye murubu bugingo, uzovuka kandi hama usubire ugerageze.
 - Aba Isilamu barizera ko hari imana imwe ariko imana yabo ntabwo ar' Imana dusanga muri Bibiliya. Imana yabo ni Allah. Mugihugu ca Saudiya y'ubu y'Abarabu, mummyaka ya Muhamadi, imyaka 750 inyuma ya Yesu Kristo, hariho isandugu yirabura niniya cane. Abantu bavuye mu mpande zitandukanye z'isi baraharaza gutazira ibigirwamana vyari mur'iyoye sandugu. Muhamadi yigisha ko har' Imana imwe rudende. Mugabo, mw'isandugu harimwo ikigirwamana car' imana y'ukwezi. Ico kigirwamana c'ukwezi citwa Allah.
- Rero, igihe yatanguza idini rya Isilamu yafashe ico kigirwamana c'ukwezi acita Allah. Kuri buri musigiti wose kw'isi hejuru har' igishushanyo c'igice c'ukwezi. Ibi vyose canke izindi mana vyakozwe n'umuntu. None, Imana yo muri Bibiliya n'iyihe?

II. Amazina y’Imana

1. **ELOHIMU.** Mu mazina y’Imana, iri rishobora kuba ariryo abantu bashoboye kumenya imbere y’ayandi
 - **El-Schaddai**(Imana ishobora vyose, Itang. 17:1)
 - **El-Elion** Imana isumba vyose, Itang. 14:18)
 - **El-Olam** (Imana y’ibihe vyose, Itang. 21:33)
 - **El-Ganna** (Imana ifuha, Kuv. 20:5)
 - **El-Hai** (Imana ihoraho, Yosua 3:10)Izina **Elohim** riboneka cane mu Itanguriro igice ca mbere. Rigaruka incuro 2.312 mw’isezerano rya Kera.
2. **YEHOVA (YAHVE)** Niryo zina ryayo, riboneka kenshi mu Isezerano rya Kera (incuro 6.499). Bisobanura UWUHORAHU. Mu giheburayo ni YHVH. Iryo zina ntawotinyukaga kurivuga, ku buryo Abayuda bo batinya no kuryandika, mu kibanza caryo bakandika:
 - Mwami wanjye, **ADONAI**. Dukurikije Kuv. 3 :14, YaHVeH risobanura « Uwo ndi we ».
 - **YEHOVA-ELOHIM** (Itang. 2:7,16; 3:9, 15, 21)
 - **YEHOVA –JIRE**, Uhoraho azotuma bironkeka (Itang 22: 13-14)
 - **YEHOVA-RAFA (RAPHA)**, Uhoraho agukiza (Kuva 15:26)
 - **YEHOVA-NISSI**, Uhoraho niwe bendera yanje (Kuva 17:15)
 - **YEHOVA-SHALOMU (SCHALOM)**, Uhoraho ni amahoro (Abacam 6: 24).
 - **YEHOVA-RAAH**, Uhoraho Umwungere wanje (Zaburi 23:1)
 - **YEHOVA-TSIDKENU**, Uhoraho niwe kugororoka kwanje (Yerem 23: 6)
3. **DATA** (Luka 11:2)

III. IMANA N'IMPWEMU

Yohana **4:24** haravuga : *“Imana n’Impwemu kandi abayisenga bakwiye kuyisenga mu Mpwemu no mu kuri”*. Naho Imana ari Mpwemu hari uburanga bwinshi ihuriyeko n’umuntu. Umuntu ariyumvamwo, arabona, arumva, arakunda, aravuga. N’Imana irakora ibi bintu vyose. Aha ni kubera yamuremye mw’ishusho yayo. Ntisa n’umuntu mu mubiri. Ni m’uburyo bw’impwemu.

Intambwe yokwica umuntu ntihagire ico ivyiyumvirako kubera atagatimamuntu ifise. Umuntu ntashobora kwica ntiyiyumvemwo canke ntamenye ko yakoze ikibi. Umuntu arafise agatimamuntu. Iki nico bisigura kuremwa mw’ishusho y’Imana. Imana ntifise umubiri nk’uwumuntu. N’Impwemu kandi irera nta caha coyiganza.

IV. IMANA NI RUKUNDO

Imana yo muri Bibiliya n’Imana y’urukundo. Urukundo rwayo ntirugira nkuzi. Muyandi majambo n’ukuvuga ko ikunda bose atakirinze gusabwa. Ntakintu nakimwe wokora ngo gitume Imana ihagarika kugukunda. Umuntu yokwanka Imana ariko Ikamwishura urukundo. Umuntu yoshobora kuvuga ati, ‘sinizera Imana. Imana ikamwishura urukundo. Umuntu yoshobora kuba umu Pasitori. Imana izogukunda. Umuntu yoshobora kuba umumaraya. Imana izogukunda. Ntakintu nakimwe wokora ngo gitume Imana ihagarika kugukunda. NTACO. Kuber’iki? **Kubera ko idafise urukundo gusa ahubwo ni RUKUNDO.**

V. Gushira mu ngiro.

Uno musu, woshobora kumenya Imana. Woshobora kugiriranira imigenderanire nayo hamwe n’ubugingo budashira. Ngizi ntambuko wokurikiza mukwihana: Kwemera ko uri umunyavyaha ; Kwatura ivyaha vyawe ; kwihana ivyaha vyawe ; kuvavanura burundu n’ivyaha ; kwemera no kwizera ko Yesu akiza.

IKIBAZO: “Vy’ukuri woba warakijijwe? Gute?” Niba wumva ukekeranya, ico nico kikwemeza ko utarakizwa.

Urashobora gukora ibi ubu nyene mugutumira Kristo m’ubuzima bwawe. Ni Rukundo kandi ni Data wa Twese aguha agakiza k’ubuntu. Pfa kwemera gusa.